



Pou Piblikasyon Imedya: 14/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU MONTE DRAPO YO A DEMI MA POU ONORE
KAPITÈN CHRISTOPHER J. GARROW KI TE TONBE**

Drapo yo ap flote a demi ma nan 15 ak 16 jen

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a drapo sou bilding Eta a yo pral flote a demi ma nan 15 ak 16 jen nan onè Kapitèn Christopher J. Garrow ki te tonbe.

"Kapitèn Christopher J. Garrow se te yon fonksyonè piblik ki pa te pè, ki te angaje l pou l pwoteje kominote l ak Eta New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Yo p ap janm bliye sèvis ak devouman Kapitèn Garrow pou pwoteje Nouyòkè parèy li yo epi kè m ale jwenn fanmi l pwòch li yo."

Nan dat 12 jen 2023, Kapitèn Garrow te mouri nan yon maladi ki te atrape nan travay li nan ak alantou sit World Trade Center a apre atak teworis 11 septanm 2001 an. Li te sèvi Lapolis Eta New York pandan 23 ane. Kapitèn Garrow soti Pewou, New York, Konte Clinton, epi li t ap viv ak madanm li ak de pitit fi li.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)